рийбе топлағанынан дәрек береди. Сол дәўирде адамлар шыпакерге көриниў, дурыс ем алыў ҳаққында ойламақ түўе, тойып ҳәм дурыс аўқатланыў ҳаққында пикирге де ийе емес еди. Усындай жағдайда ол бийтапларға каселликти әпиўайы тил менен түсиндирип, бир майданда шыпасын қондырған. Китаптағы «Тууры ишек», «Кеседи деген не», «Шөп те ем болады» темаларында адамлардың әпиўайы емди де түсине алмаўы, буйырылған дәриниң орнына басқа дәрилерди қоллаўы, жығылып, жарақат алған дене мүшесин өзинше байлап қойыўы арқалы автор халкымыздың садалығын, базыда бийпарўалықтың да бар екенлигин көрсетпекши болады. Оқыўшы қаҳарманның образы арқалы оның өзиниң кәсибине болған пидайылығын, жан себиллигин, сондай-ақ, сол заман адамларының пикирин, түсинигин аңласа болады. Мысалы, «Көпшилик адамлар мени тәўип екен, ата-бабалары тәўипшилик етипти, деп әңгиме етеди. Мен хеш қандай тәўип болғаным жоқ. Ата-бабам да тәўип болған емес. Мен медицина хызметкеримен. Халықтың емлеўи де күшли екенлигин еске алып, аўырыўдың кеўлин жықпаў ушын гейпара халық емин қолланып көриўди де естен шығармадым, дейди Халмурат доктор»[3:39].Мине, бул ҳақыйқый шыпакер тәбияты. Шыпакер қоршаған орталықты, адамларды өзгеше қабыллаўы, оған деген терең сүйиспеншилиги келтирилген қатарларда тәбийғый ҳалында берилген. Ол наўқасларды барынша қабыллағаны ушын да «Халмурат доктор» атанды ...

Мысалы, «Мына киси түни менен нан жеп шықты, жуқа мешкей деген усы емес пе, -дедим Оразымбет ағаға.

- Ол кисини мен тууры ишек етип қойыппан. Буннан неше жыл бурын ишек кесели менен аўырып қалған екен. Ишеклерине жара түсип, ишеклери келе болмайтуғын болғанлықтан, оның қарнын алып таслап, тууры ишек етип қойыппан.» Келтирилген мысалдан аңлағанымыздай, повестте жазыўшы шыпакер деп аталмыш илаҳий дүньяның сырлы тилсимлерин оқыўшыға шын мәнисинде жеткерип береди. Ол усындай тәжирийбелерден келип шығып, өз талантын ҳәр тәреплеме тәрбиялап, жетистирип, өзин ҳақыйқый шыпакер етип жетистирген. Бундай пазыйлетлери арқасында Халмурат доктор бул сыйқырлы дүньяны тереңнен уғынған, наўқаслар алдындағы жуўапкершиликти сезинген. Ол бийтапларының жүзлеринде шадлы күлкини, қәлбинде өмирге куштарлықты көриў ушын жан жүрегин бағышлап ҳадал мийнет етеди. Мине, оның усындай пазыйлетлерин автор дәл бериўди мақул көреди. Ҳүжжетли повесттиң жанрлық тәбияты да усыны талап етеди. Екинши тәрептен оның менен бирге зәңгилес болған жора-жолдаслары, яғный, әскерликте бирге болған, сол ўақыттағы белгили самолёт басқарыўшылары, әскерий жумысларының басқа тараўында ислейтуғын дослары да айтылып, олар менен дийдарласқан мәўритлери де бериледи.

Автор шығармасында Халмурат доктор образы менен шыпакерлик жүгиниң аўыр екенлиги, ўақыт пенен санаспайтуғын, излениўшең болыўы кереклиги ҳәм гез келген адам бул кәсип ийеси болып кете бермейтуғынын тематикалық бағдар етип алады.

Жуўмақлап айтканда, еки шығарманың қаҳарманлары, бири тарийхшы-этнограф илимпаз ҳаял, бири қолы шыпалы, сөзи даўалы шыпакер өз заманының ҳадал, жуўапкершиликли, инсаныйлық пазыйлетлери жоқары ретинде көркем сүўретленеди. Бунда авторлар өз шығармаларында заманның тәсири ҳәм қаҳарман образлары арқалы белгили тематиканы мақсет етип қояды.

**Әдебиятлар**


1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 1994. 210-б.
2. Мәмбетов К. Москвадан келген қыз. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
3. Тәжимуратов Х. Халмурат доктор. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ адабиётида бадиий ҳужжатли қисса энг биринчи навбатта реал воқеаларга асосланиши, ундаги яшаётган ёки яшаб кетган қаҳрамон образини яратиш ва мавзувий йўналиш-воқеалар, образлар ёрдамида очиб берилиши ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о том, что в каракалпакской литературе художественный документальный повесть основан, прежде всего, на реальных событиях, создание в нем образа живого или выжившего героя, раскрывается тематическая направленность через события и образы.

**SUMMARY.** The article discusses that in the Karakalpak literature, a fictional documentary story is based primarily on real events, the creation of an image of a living or surviving hero in it, the thematic focus is revealed through events and images.


# ЛИРИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДА ТЫНЫШЛЫҚ ТЕМАСЫ

## (Шайыр Өсербай Әлеўов дөретиўшилиги мысалында)


**А.С.Жиемуратова** – *магистрант*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** дунё, глобализация, уруш, қурол, ядро.

**Ключевые слова:** мир, глобализация, война, оружие, ядро.

**Key words:** world, globalization, war, weapons, core.


Поэзия-гөззаллықты сөз бенен тәрийплеў өнери. Ол әсирлер даўамында талантлы сөз зергерлери тәрепинен жаратылып, халықтың турмыс жағдайын, арзыўтилеклерин өзинде сәўлелендирип келген. Қосық инсанға эстетикалық заўық бағышлайды, шайыр әтирапындағы дүньяны өз көзқарасынан келип шығып сәўлелендиреди. Поэзияда реал сүўретлемелер, пикирдиң образлар жәрдеминде берилиўи көзге тасланады. Газета-журналлар, телевидение ҳәм радио болмаған дәўирде поэзия публицистика хызметин атқарып келген. Жыраў-шайырлар мийрасы, халық аўызеки дөретпелеринде сол дәўир ушын оғада әҳмийетли болған машқалалар баян етилген. Сонлықтан да, «публицистика жәмийетлик буйыртпа. Бул буйыртпа публицист тәрепинен сезилиўи, оған тиккелей яки тиккелей емес айтылыўы, кескин ямаса мүлайым тәризде, бир ямаса бир топар адамлар, жәмийетлик институт тәрепинен соралыўы дағазаланыўы мүмкин» [1:187].

Тынышлық-бийбаҳа байлық. Дүньяда тынышылықты сақлап өмир сүриў тек ғана адамзат ушын емес, бәлким, пүткил тиришиликке тән қәсийет. Өтмишке нәзер таслар екенбиз, адамзат мудамы қыянкести урыс майданында жасап келгениниң гүўасы боламыз. Изертлеўлерге қарағанда, соңғы жүз жыллықта жәҳәнниң гигант мәмлекетлери «Тынышлық керек болса-урысқа таярлан» деген уран менен өмир сүрмекте. Қан төгиспелер, наразылықлардың жүзеге келиўи ҳәр бир халықтың аўызбиршилигиниң жойылыўына, алаўызлық ҳәрекетлериниң күшейиўине алып келмекте. Инсаният ҳәм мәмлекетлер арасындағы келиспеўшиликлерди тоқтатыў, миллетлер аралық татыўлықты, халықлардың қәўипсиз, қорқынышсыз өмир сүриўин тәмийинлеў, миграция процессин

кемейтиў бүгинги дүньяның глобал машқаласына айланды.

Тынышлық дүнья мәмлекетлери арасындағы дослықтың, бахыттың идеал көриниси, пүткил инсаният душпанлығының тамамланыў басқышы. Көркем сөз шеберлери өз дөретпелеринде тынышлық, азатлық, теңлик, парахатшылық мәселелерин жырлай отырып, халықларды, мәмлекетлерди дослыққа, бирликке шақырады, қан төгиспелерди кескин қаралайды:

Дүнья—бузық уясындай хәррениң,
Көргиң келмегенди базда көрер көз
Тилинде, кәлбинде ҳәзир ҳәммениң
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз- [2:17]

Шайыр И.Юсупов өзиниң «Еки сөз» қосығында тынышлықтың, татыўлықтың қәдир-қымбатын оғада жоқары баҳалайды.

Соңғы жылларда қарақалпақ әдебиятында шайыр сыпатында гиреўли орынға ийе көркем сөз шебери Өсербай Әлеўов өзиниң лирикалық дөретпелеринде парахатшылық, тынышлық темасына айырықша дыққат аўдарып келмекте. Шайырдың, «Мазлумхансулыў», «Сезимлерим», «Пикир дүньям» топламларынан орын алған дөретпелеринде бундай мәселелерди сәўлелендирген лирикалары көпшиликти қурайды:

Астан-кестен болып атыр жер ҳәм көк,
Дәрпенбейди,
Мына дүнья сабырлы.
Дым пәрўайы, бүлиниўге қоймас шек,
Албырамас беккем урған тамырды.
Бир жерлерде абылайсаң суў тасқын,
Гей орында қырғын урыс,
Бермес пай.
Базы жақта геўлеп атыр жер астын,
Ойлап турсам дүнья ийесиз қалғандай… [3:7]

Шайыр бул қосық қатарларында жер жәҳән астан-кестен болып, тасқын тасып, көкси ойылса да жаўызлықларға шыдам берип, инсаниятқа жақсылық қылып, оны азық пенен тәмийинлеп атырғанлығы сөз етиледи. Барлық қарама-қарсылықлар, келиспеўши-ликлер тийкарынан жерди бөлисиў, тәбийий байлықларға таласыў ямаса ҳәкимиятты ийелеў мақсетинде келип шығатуғынлығы алға сүриледи.

Глобалласыў процесиниң жетилисип барыўы жәмийетте түрли қарама-қарсылықларды жүзеге келтирип, дүнья халықларының еркин шеклеп қоймақта. Шайыр бул ҳаққында:

Жасаў керек халық болған соң еркиңе,
Хор тутпасын бир халықты бир халық.
Елиң болса бағынышлы ҳәр кимге,
Өмириң өтер ар-намысқа былғанып- [4:10]

деп жазады. Социологиялық изертлеўлерге қарағанда, дүньяда жылына 30 ға жақын әскерий конфликтлер жүз береди. Урыс мыңлаған адамлардың өлимине ҳәм майып болып қалыўына себепши болады. Олар арасында нәрестелерде бар. Бул жүдә ашынарлы жағдай, есапсыз материаллық шығынлар, қыйраған үйлер, завод-фабрикалар инсаният тиришилигиниң өлшемин, теңсалмақлылығын бузады. Оның экономикасына инвестиция киргизиўине кесент етеди. Усындай тәсирлер нәтийжесинде халықтың көпшилик бөлеги жарлыға ҳәм кәмбағалға айланады [5:121].

Жер солқылдап басқыншылық бүликтен,
Қарылыпты қанға топырақ былғанып,
Ҳәдийсе көп,
Бул дүньяның жүзи кең,
Өткен екен бир пара ел дым налып.
Ҳәзирде бар аласапыран
Бул қалай?
Адамлар жүр адамларға ойланып,
Үстиндеги машқалаға шыдамай,
Турыпты ғой қара Жер де айланып [6:59-60].

Жер планетасы инсаният ушын инам етилген үлкен сыйлық. Ол галактикадағы тиришилик етиў мүмкин болған бирден-бир планета. Тилекке қарсы, оның үстинде жүз берип атырған әдалатсызлықлар салдарынан оның ресурслары, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясы қәўип астында қалмақта. Бул ҳаққында шайыр «Жер-жәҳән болып тур және бийтыныш» деп басланатуғын қосығында:

Жер-жәҳән болып тур және бийтыныш,
Зулымлық ислейжақ бир ел бир елге.
Биреўлер азатлық ушын жыйып күш,
Орын ғамластырар табан тиреўге.
Биреўлер бабамнан қалған кек бар деп,
Урысты етежақ ҳүрмет, минсиз ис.
Бир шетин дүньяның жатыр оқ өртеп,
Жәҳән тыныш емес,
Дүнья уйқысыз. [6:60].

Химиялық қурал-жарақлардың пайда болыўы, бактериялогиялық лабораториялардың қурылыўы-жер шарының урыс полигонына айланыўына себепши болмақта. Шайыр жокарыдағы лирикалық қатарларында дүньядағы зулымлық ҳәрекетлерин кескин қаралайды. Үзликсиз даўам етип атырған қырғынлар себепли Ана-Жер өз қәддин бүгип, тынышсызланып, уйқысынан журдай болған. Дүньяның бүлиниўине себепши болғанлар илимли, зейинли ел басқарған инсан бола тура, бийгүна жанлардың басына қара булт жаўдырмақта. Сол ушын да шайыр «Басылмай турғаны дүнья бүлгини, жәм емес инсанда еле ақыл-ес» деп жырлайды.

Қағыйдасы жаратылыстың мың қырлы,
Түсинбейсең бәрин билип, ой сырқып.
Неге тәбият бийтәреп боп турыпты,
Күшлилердиң несийбесин үстем қып. [6:25].

Қосық қатарларында лирикалық қаҳарман «Ким күшли болса, сол дүньяда ҳөктем» деген идеяның надурыс екенлигин алға сүреди. Бүгинлиги болса, күшлилик ким озарға ислеп шығарылған ядро қураллар, армияның материаллық-техникалық базасы менен өлшенип атырғанын жазады.

Базы еллер бейимлеспес ырқыңа,
Өзлеринше хуқық-нызам жаратқан.
Жақсы-жаман иллети бар қулқында,
Тарлық етер жулдыз толы кең аспанды. [4:13].

Кең аспан астында биргеликте өмир сүриўши бәрше инсанларға бирдей, тең ҳақ-ҳуқық берилген. Жасаў, өмир сүриў адамзатқа жаратыўшы тәрепинен инам етилген илаҳый сыйлық. Кең дала, ашық аспан, қулпырған тәбият, шексиз аўыллар менен зәўлим қалалар - бул бизиң тиришилигимизге себепши болған дереклер. Шайыр лирикалық қосықларында буларды бүлдириўге, урыс ашып тас талқан етип ўайранлаўға қарсы шығып, жаўызлық қылмысларды қаралайды. Терең философиялық пикирлерге ийе, инсаният тынышлығына үлкен адамгершилик, жанашырлық сезимлери менен қатнаста болған Ө.Әлеўовтың жоқарыдағыдай мазмундағы лирикалары оқыўшыны терең пикирлеўге, әлемди жаўызлықтан асырап, бир-биреўге деген дослық, инсанийлық мүнасебетлерди беккемлеўге ийтермелейди.

**Әдебиятлар**


1. Машарипова Т. Публицистика теориясының бир пүтин концепциясы. -Т.: «Мумтоз сўз», 2006. 289-б
2. Юсупов И. Ҳәркимниң өз заманы бар. (қосықлар ҳәм қысса) -Н.: "Қарақалпақстан" , 2004. 113-б
3. Әлеўов Ө. Пикир дүньям. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2018. 134-б
4. Әлеўов Ө. Сезимлерим. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2019. 146-б
5. Бернацкий, А.С. Сто великих угроз цивилизации. -М.: 2015, -С. 121.
6. Әлеўов Ө. Мазлумхансулыў. –Нөкис: «Билим», 2017. 130-б

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада шоир Ўсербай Алеуовнинг ижодида тинчлик, осойишталик мавзусида яратилган шеърлари ҳақида сўз юритилади. Шоир лирикасида осойишталикни бузишга уринаётган урушлар, ядро қуролларининг инсониятга ва бутун оламга зарари, табиатда мувозанатнинг бузлиши ҳақидаги фикрлари билан танишасиз. Шоирнинг ер сайёрасини асраш, тинчликни таъминлаш бўйича билдирилган фалсафий фикрлари ҳақида баён этилади.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье вы узнаете о мыслях Усербая Алеуова о мире и спокойствии. В лирике поэта вы узнаете о войнах, пытающихся нарушить мир, вреде ядерного оружия для человечества и всего мира, нарушении равновесия в природе. В ней рассказывается о философских размышлениях поэта о сохранении планеты и мира.

**SUMMARY.** In this article, you will learn about the thougts of the poet Userbay Aleuov about peace and tranquility. In the poet's lyrics you will learn about the wars that try to disrupt peace, the harm of nuclear weapons to humanity and the whole world, the disturbance of balance in nature. It tells about the poet's philosophical thoughts on the preservation of the planet and peace.

## ЭРТАК ТИП СЮЖЕТЛИ ДОСТОНЛАРНИНГ ЖАНРИЙ ХУСУСИЯТЛАРИ

(«Шаҳриёр», «Шийрин-Шекер», «Қаншайым», «Муңлық - Зарлық», «Тулым бий», «Жәҳәнша» достонлари мисолида )

**Ш.К.Кенесбаева -** *филология фанлари бўйича фалсафа доктори*
*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар**: эртак тип сюжетли достонлар: «Шаҳриёр», «Шийрын Шекер», «Қаншайым», «Муңлық - Зарлық», «Тулым бий», яккалик ижодий дастурлари.

**Ключевые слова:** сказочные эпосы: «Шахриёр», «Шийрын шекер», «Ганшайым», «Мунлык-зарлык», «Тулым бий», одиночное творчество программы.

**Key words:** fairy-tale epics: "Shahriyor", "Shiyryn Sheker", "Qanshayym", "Munlyq - Zarlyq", "Tulym biy", singles creative programs.

Қорақалпоқ достонларининг жанрий хусуиятларини ўрганганимизда эртак шаклидаги асарлар билан боғликлигини кўрамиз. Достонларда хаёлий эртаклардаги каби воқеаларнинг берилишида инсоният орзу-умидларидан пайдо бўлган фантастик ҳодисалар жуда кўп учрайди. Масалан, инсон “дуо”нинг кучи билан тошга айланади, дуонинг ёрдами билан қайта жонланади. Масалан, қорақалпоқ халқ достони “Шаҳриёр” шаркда кенг тарқалган “Минг бир кеча”, “Мунглик-Зарлиқ” ва бошқа достонларни эсга солади. Шу билан бирга “Шаҳриёр” достони тилида, воқеаларида бошқа достонлар каби бир-бирига алоқадорлик сезилади. Масалан, подшоҳнинг узоқ вақт фарзандсиз бўлиб, тахтни ўйлаб ғам чекиши, гуноҳсиз кишиларнинг адолатсизлик туфайли зиндонбанд қилиниши, унга чўпоннинг ғамхўрлиги, узоқ айриликдан кейин асар охирида ижобий қаҳрамонларнинг мурод-мақсадларига етиши, қаҳрамонларнинг тақдирида ялмоғиз кампирнинг аралашиши ва бошқа деталлар кўпгина халқ достонларида учрайди. Бу ўз навбатида таълим-тарбиядаги ўзаро боғлиқликларни, педагогик фикр-мулоҳазаларни, умуминсонийлик сифатларини мужассамлаштиради.

Достонда чорвачилик, боғдорчилик, паррандачилик ва бошқа касб-ҳунарлар ҳақида сўз юритилганда, инсон хаёлида жуда кенг ўрин эгаллаган: ер остида юриш, олти ойлик йўлни кўз очиб юмгунча босиб ўтиш, ҳақиқатдан йироқ ҳаракатлар, ҳар хил табиат кучлари устидан инсоннинг ғалаба қилиши, сувда балиқ каби сузиш, ҳавода қуш каби учиш сингари ғайри табиий воқеа-ҳодисалар ҳақида сўз юритилади.

Анжим:
-Таўекелши ол алла,
Таўекелши мен,-деди.
-Узақтан келген талабанман,
Айтысаман,
Оқысаман,
Қандарым қуссан сен,-деди,
-Шиқ қапестен сен-деди.

Булбулгоя сонда:
-Қуда урған адамзат,
Жәлил урган адамзат,
Меннен көрме, Қудадан көр,-
деп ол қәпестен шығады,
Шақасына қонады [5:100].

Шаҳриёрнинг синглиси Анжимнинг ёрдами билан Булбулгўёни енгиб келгандан кейинги эпизодларда ўз ифодасини топади. “Шаҳриёр” достонининг сюжети ҳар хил шаклда берилиши тўлиқлиги, ҳар жировдан таълимий-тарбиявий мулоҳазаларни беришда хусусий фарқлар мавжудлиги асосан достоннинг Есемурат, Отениёз, Қуламет, Қиёс жиров вариантларида алоҳида кўзга ташланади. Бу вариантлар чин маънода халқчил бўлиши билан бирга, этнопедагогик мулоҳазаларнинг гавдаланиши жиҳатидан такомиллашган ажойиб “педагогик достон”нинг намуналари эканлигини айтиш мумкин.

Достонда учрайдиган “Умидсиз шайтон”, “Тилла кўрса фаришта йўлдан чиқади”, “Худо қарғагани – тангри ургани”, “Ота ҳаққи – худо ҳаққи, Она ҳаққи – пайғамбар ҳаққи”, “Ота рози бўлмаса худо рози бўлмайди, Худо рози бўлмаса, ота рози бўлмайди”, “Она рози бўлмаса Каъбага юз минг тавба қилсанг ҳам тавбанг қабул бўлмайди”, “Юрганда йўлинг бўлсин, йўлдошинг Хизр бўлсин”, “Ош қайда бўлса, ҳадя шунда”, “Аллоҳдан фармон келса, банданинг ўлиши бегумон”, “Ёмоннинг ҳусни – кийим”, “Яхши ит ўлигини овлоққа ташлайди” ва шунга ўхшаган халқ афоризмлари фақатгина тарбиявий ғояни билдириб қўймасдан, шу билан бирга тарбиявий масала, дидактик маънога эга бўлади. Булар педагогик интуицияга ва педагогик бир бутунликга асосланади. Халқ донишмандлик талаблари, кўрсатмалари, тилаклари, мулоҳазалари бошдан-оёқ педагогик интуиция ва педагогик бир бутунликдан келиб чиқади.

Ёш авлодга эмоционал (ҳиссий) таъсир кўрсатиш мақсадида халқ афоризмларининг оҳангига, ўхшашлигига катта эътибор берган. Достонни ўрганишда ҳозирги даврда учрайдиган кўплаб мақолларни, термаларни учратамиз. Унда Ватанни севиш, дўстлик, деҳқончилик, чорвачилик ва бошқа масалаларга боғлиқ таълим-тарбия турларини аниқладик.

Туркий халқлари ва жаҳон халқлари орасидаги эпослар билан “Шаҳриёр” достонини таққослаб ўрганганимизда, атоқли олимлар М.Нурмухаммедов, Қ.Мақсетов, А.Каримов ва бошқаларнинг филологик аспектда билдирган таълимий-тарбиявий характердаги илмий фикрларига таяндик.

М.Нурмухаммедов “Шаҳриёр” достони билан А.С.Пушкиннинг “Шоҳ Салтан ҳақида эртак” поэмасида адолатсизлик ва ноҳоқлик қурбонига айланган она ва бола сюжет мотиви ўхшашлиги, умуман, шундай образлар тизими типологияси ҳақида сўз юритганда, ушбу мотивларнинг тарбиявий аҳамият касб этадиганлигига ҳам шама қилади, яъний айрим қаҳрамонларнинг ижобий ҳаракатларининг тарбиявий аҳамиятига ҳам урғу беради [3:17, 32]. Қ.Мақсетов эса, “Шаҳриёр” достонидаги Шаҳриёрнинг боғ яратиш эпизоди тимсолида меҳнат қилиш ҳақидаги ўй-фикрларни ўртага ташлайди [2:107].